# ЧЫЗГАЙЫ САГЪÆС

Цæгæраты М.ныхæстæ

Andante




Куын – нæ ис хъæ – уы, ой!
Фæ – лæ мæ зæр-дыл, Мæ – нæн мæ зæр – дыл,
Май – рæм куы лæу – уы, ой!
Куы мын а – хас – та, ой!


Мæ уар – зæг зæр – дæ, ой!
Уæд ма цы кæ – ны, цæ – мæ ма кæ – сы,
Цæ – мæ ма кæ – сы – ой!
Æх – хæст мын мæ – хи Цæ – уын – нæ хæс – сы,




Рæсугъд лæппутæ, æвзонг усгуртæ
Куыннæ ис хъæуы!
Фæлæ мæ зæрдыл, мæнæн мæ зæрдыл
Майрæм куы лæууы.

Б а з а р д:

Куы мын ахаста, ой!
Мæ уарзæг зæрдæ, ой!
Уæд ма цы кæны, цæмæ ма кæсы,
Цæмæ ма кæсы, ой!
Æххæст мын мæхи
Цæуыннæ хæссы,
Цæуыннæ хæссы, ой!

Уый не 'стыр уынгты, нæ райдзаст уынгты
Куы суайы хатгай, —
Цыма фæзоны, цыма фæхаты
Мæнæн мæ катай...

Б а з а р д:

Цы 'хсарджын вæййын, цы хъæлдзæг вæййын
Йæ фенды фæстæ!
Æмæ та уайынц, мæ цæстыл уайынц
Колхозон фæзтæ!

Б а з а р д:

Нæ хорыл бакуыст, нæ хуымты бахудт —
Мæ цины суадон.
Æцæг амонд дæр, æцæг уарзон дæр
Æз уым куы ссардтон.

Б а з а р д: